**ШЕН НЕНАН МОТТ ХАЛКЪО, СИЙ ОЙБУШ, ІАЛАШБАХЬ, ЦУ ХАЛКЪАН ПАРГІАТО ЦХЬАММО А ХЬОШУР ЯЦ**

*М.Мамакаев*

DAYMOHK-GAZET.RU

daimoxk@bk.ru

еара, асаран (июнь) беттан 2-гІа де, 2016 шо

# Даймохк

РЕСПУБЛИКИН ЮКЪАРАЛЛИН-ПОЛИТИКИН ГАЗЕТ

№ 62 (13022) АРАХЕЦА ДОЛИЙНА 1923-ЧУ ШАРАХЬ БИННА МАХ

ІЕДАЛЕРА ХААМАШ

**Шаройн кІошт кхиор ю...**



→ 2

ИНТЕРВЬЮ

**Нохчийн мотт кхиорехь маьІне болх**



→ 3

КЕРЛА КНИГА

**«Чухчарин цинцаш»**



→ 4




Украинехь дІаболабелла централизаци малъяран болх: Киевца бертан юкъаметтигаш тесна хІинцале Одессан, Житомиран, Кировоградан областаша.

***

Бразилерчу Сан-Паулу гІалахь полицис дІалаьцна Дзадон Хорхе Диего. Иза Аргентинин вахархо а, Facebook компанин вице-президент а ву.

***

«Пилотан гІалат» бахьанехь, Анкараца йолу зІенаш совцийна ма латтае аьлла, кхайкхам бина Эрдогана Москвага.

***

Франсис дІахьедар дина «Боко Харамна» дуьхьало латторехь Нигерин правительствон эскаршна гІо-накъосталла дар доьхуш.

***

Латышийн депутаташа гурахь берашна дийцаре дийр ду оьрсийн цІерш таххар доьхкуш долу закон.

***

Австралин Квинсленд штатехь гІо-орцанан службаша хи буха воьдучуьра кІелхьараваьккхина Данин Верасан принц Кристиниан.

***

«Коммунизман зуламаш» харцдар законодательни тІегІанехь дехка дагадеана Румынин куьйгаллина.

***

Алжирехь кхелхина Полисарио фронтан куьйгалхо Іабдулазиз Мухьаммад. Малхбузенан Сахара Мароккон олаллера яккхарна дІаделла цо шен дахар.

***

Иракан эскарша, суннитийн тайпанийн гІаттамхошца бертахь, гуо бина «Иблисан пачхьалкхан» боевикаша дІалаьцначу Фаллуджа олучу гІалина.

***

Германин Федеративни Республикин Бундестаган депутаташ дагахь бу «эрмалойн геноцид» талла. Цунна ша реза цахилар хІинцале дІахаийтина Хонкаран мехкан куьйгалло.

***

Тегеранехь керлачу меджлисан дуьххьарлера цхьаьнакхетар дІадаьхна. Иза декхарийлахь хир ю гуонахарчу пачхьалкхашца мацах хилла йолу юкъаметтигаш юхаметтахІитто.

***



ТІаьхьарчу кІирнах Лаьттаюккъерчу хІорда чохь (Средиземное море) кхелхина Къилбаседа Африкин пачхьалкхашкара 880 стаг.

КХИАР

# Бенахь берийн беш хир ю

**Нажи-Юьртан кІоштарчу Бенахь ян леринчу берийн бешан гІишлонна буха капсула йилларехь дакъалецира Нохчийн Республикин Куьйгалхочо Кадыров Рамзана.**



Бахархошца хиллачу шен къамелехь Кадыров Рамзана билгалдаьккхира берашна школе дахале еша--язъян Іамор а, ислам дин а, нохчийн Іадаташ довзийтар а Іаламат мехала хилар.

– Таханлерчу дийнахь Бенахь берийн беш оьшуш хилар хиъна схьадаьккхина ду тхо. Вайн тІекхуьуш долу чкъор могаш, кхетам болуш хилар ду вайна уггаре коьртаниг. Цундела берийн бешахь дуьйна дІаболо беза цаьрца кхетош-кхиоран болх, – элира Р.Кадыровс.

ТІаьхьарчу шерашкахь Нажи-Юьртан кІоштахь меттахІиттийна дуккха а гІишлош ю, йина керла спортан комплекс а, берийн могашалла меттахІотторан туш а, дуккха а школазхойн дешаран учрежденеш а, иштта керла дехкина некъаш а ду.

Нажи-Юьртан администрацин белхахоша баркалла элира республикин Куьйгалхочунна цо шайн кІоштахь бинчу хийцамашна.

Цул тІаьхьа, Кадыров Рамзана Бенарчу Манигов Ахьмадца (берийн беш ян шен лаьттан дакъа цо делла ду) цхьаьна капсула йиллира оцу бешан буха.

Беш йина яьллачул тІаьхьа, 140 бер схьаэца аьтто хир бу цуьнан тхевна кІел. Берийн самукъадалийта а, церан кхерамазаллина а арахь а, чохь а дика хьелаш кхуллур ду. Проект финансировать еш ю Нохчийн Республикин хьалхарчу Президентан Россин Турпалхочун Кадыров Ахьмад-Хьаьжин цІарахчу регионан юкъараллин фондо.

Бахархоша дийцарехь, хІинццалц шайн бераш луларчу ярташкарчу берийн бошмашка кхуьйлура цара. Цундела доккха совгІат хилла бахархошна шайн юьртахь берийн беш хирг хиларх.

*Хь.ЭЛЬБЕРТОВА*

ЦХЬАЬНАКХЕТАР

# Дийцаре дира Нохчийчоьнан электросетийн секторан гІуллакхаш

**Соьлжа-ГІалахь дІадаьхначу цхьаьнакхетарехь «Россети» компанин генеральни директора Бударгин Олега а, Россин Федерацин Пачхьалкхан Думин депутата, электроэнергих долу декхарш такхаран низам нисдаран штабан куьйгалхочо Делимханов Адама а дийцаре дира республикин электросетийн бахам эвсара лелабаран гІуллакхаш.**

Цхьаьнакхетарехь дакъалоцуш вара «Къилбаседа Кавказан МРСК» компанин генеральни директор Зайцев Юрий а, «Чеченэнерго» компанин урхалла даран директор Докуев Русланбек а, иштта «Чеченэнергон» белхахой а.

«Нохчийн Республикин энергетикин комплекс кхиорехь финансировани яран гІуллакхаш ду карарчу хенахь «Россетин» куьйгаллехь дийцаре деш», – билгалдаьккхира «Россетин» генеральни директора.

О.Бударгинна а, А.Делимхановна а хетарехь, «Чеченэнергон» керла куьйгалла хІоттийначул тІаьхьа, Нохчийн Республикин электросетийн комплексехь дуккха а кхиаме хийцамаш гучубуьйлуш бу.

«Республикин бахархошна тешам боллуш электросерлонца кхачояр оьшу. Иза подведомственни предприятеша кхоччуш болх барций, вовшашца юкъаметтигаш лелорций бен далур долуш дац. Мехкан куьйгалло хьалха хІиттийна долу декхарш кхочушдаран механизмо а доккха маьІна дІалоцу цигахь», – элира А.Делимхановс.

Цул тІаьхьа О.Бударгин а, А.Делимханов а, иштта «Къилбаседа Кавказан МРСК-н» а, «Чеченэнергон» а куьйгалла «Гудермес» 110 кв-н еш йолчу подстанцехь хилира. Иза йина яьллачул тІаьхьа, электроэнерги цатоар гуттаренна а дІадер ду Гуьмсе гІалахь а, цунна луларчу ярташкахь а.

Цигахь О.Бударгина керла ечу подстанцин лаккхара мах а хадош, «Чеченэнергона» хьалха хІиттийна долу декхарш билгалдехира.

«Тахана «Чеченэнергона» хьалха кхо декхар хІоттийна вай. Уггаре а хьалха – электросетийн структурин объекташна кхачаме эксплуатаци яр а, Нохчийн Республикин бахархошна кхачам боллуш электроэнерги латтор а. ШолгІа декхар – тешам. Нохчийн Республикин бахархойн тешаш хила беза энергетикаша бечу балхах а, электроэнергин тарифаш нийса хиларх а. КхозлагІа декхар – тІекхочийла. Республикехь дуьххьара кхоьллина оцу тайпа йолу куьйгалхойн штаб. Делимханов Адам ву оцу штабана куьйгалла деш. Иза доккха жоьпалла ду», – элира О.Бударгина.

А.Делимхановс билгалдаьккхира, республикин энергосистема кхачам боллуш цІинъярна лерина долу гІуллакхаш а, декхарш а кхочушдийриг хилар.

«Уьш кхочушдийриг хиларан цхьа а шеко яц. Ахьмад-Хьаьжин Рамзанна баркалла боху, цо вайх хІара гІуллакх тешорна. ТІебогІучу баттахь ерриге а система эвсара а, керлачу кепара а болх бан йоалур ю», – элира цо.

*И.ИСЛАМОВ*

ДАЗДАРШ

# Селхана юнкораш – тахана керла журналисташ

**Ши де хьалха Зорбанан цІийнан активи зала чохь дІадаьхьира рогІера даздарш. Уьш лерина дара Шуьйрачу хаамийн гІирсийн белхахой кечбаран а, юхакечбаран а туьшан (Къоначу корреспондентийн къоман школа) выпускникашна тоьшаллаш дІадаларна. Оцу школин историхь иза 13-гІа выпуск яра. Верриге а 43 стаг ву карарчу шарахь школа чекхъяьккхинарг.**



Выпускникаш декъалбан веанера Нохчийн Республикин къоман политикин, арахьарчу зІенийн, зорбанан, хаамийн министр Умаров Джамбулат, цуьнан заместительш, республикин Яздархойн а, Журналистийн а союзийн векалш, юкъараллин гІуллакххой, шуьйрачу хаамийн гІирсийн коьрта редакторш, республикин журналистикин ветеранаш, кхиберш.

Билгалдаккха догІу, даздарш вовшахтохар а, дІадахьар а къоначу журналисташа шаьш кечдина хилар.

Цхьаьнакхетаран коьрта дакъа Умаров Джамбулата къоначу журналистех тоьллачарна дипломаш а, тоьшаллаш а даларца дІадоладелира.

– Ас декъалдо шу Шуьйрачу хаамийн гІирсийн белхахой кечбаран а, юхакечбаран а туш чекхъяккхарца а, журналистикин атта боцчу новкъа доларца а. Вайн махкана шуьйрачу хаамийн гІирсашкахь таханлера хьал дІакховдоран, дІадовзийтаран говзанчаш оьшуш бу. Дала тІаьхье беркате йойла шун кхоллараллин некъа тІехь! – элира Д.Умаровс.

Къоначу журналистех тоьллачарна министро дипломаш делла ца Іаш, республикин Яздархойн союзан председатела Ибрагимов Кантас совгІатна ша язйина йолу «Петр Захаров» книгаш а яийтинера.

Цул тІаьхьа вистхиллачу Шуьйрачу хаамийн гІирсийн белхахой кечбаран а, юхакечбаран а туьшан директора Юнусов Хьамзата билгалдаьккхира, «журналист» говзалла яккха гІерташ, къоначу журналисташа шарахь къахьегна хилар.

– Бакъду, халонаш а яра, аьтто цахилларш а дара. Цул сов, пхеаннаш хилла ца Іаш, шиннаш а дара. Амма иза дІадели. Тахана дуьйна хІорш къона журналисташ бу. Шаьш журналисташ хилар дІагайта дезар ду кхара шайн балхаца. Со тешна ву, кхарна болх а, шайн дахаран некъ а карориг хиларх. Дала тІаьхье беркате йойла кхеран! Дала аьтто бойла, – элира цо.

Даздарийн чаккхенехь къоначу журналисташа шаьш кечдина Баркаллин кехаташ делира туьшан директорна а, хьехархошна а.

*И.ХАСАХАНОВ*

ГАЙТАМ

# «Бераша машаран сурт дуьллу»

**Иштта яра хІокху деношкахь Зорбанан цІийнан фойе чохь схьабиллинчу берийн суьртийн гайтаман цІе. Бераш лардаран дуьненаюкъарчу денна лерина иза вовшахтоьхнера республикин « Наша школа» газето. Гайтаме диллина дара Донецк Республикерчу, Луганскерчу, Архангельскерчу, Цхинвалерчу, ГІирмерчу, ХІирийчуьрчу, Северодвинскерчу берийн 500 сов сурт.**




Даздаран хьолехь гайтам схьабелларехь дакъалецира: Нохчийн Республикин Куьйгалхочун гІоьнчас, « Наша школа» газетан бухбиллархо а, куратор волчу Кадыров Хьасайна, Архангельскерчу юкъараллин гІуллакххочо Жгилев Владислава, Нохчийн Республикин къоман политикин, арахьарчу зІенийн, зорбанан, хаамийн министра Умаров Джамбулата, Нохчийн Республикин адамийн бакъонаш ларъяран векала Нухажиев Нурдис, Россин Федерацин Художникийн союзан декъашхочо Ильясов Адама, Соьлжа-ГІалин тайп--тайпанчу школашкарчу дешархоша.

Гайтам схьабелларехь хьалхара дош олуш вистхилира Кадыров Хьасайн:

«Жгилев Владислав дуьххьара вац Нохчийчохь. Архангельск гІалин футболан командица цхьаьна а веара иза, цу хенахь Берийн дуьненаюкъара турнир дІаяьхьира оха. Нохчийн Республикин Куьйгалхочо Кадыров Рамзана Баркаллин кехатца совгІат дина ву Жгилев Владислав. Баркалла хьуна, тайп-тайпанчу гІаланашкара берийн суьрташ дохьуш Нохчийн Республике варна», – элира цо. Цул тІаьхьа хьешана Сийлаллин грамотица совгІат дира « Наша школа» газетан куратора.

Шен къамелехь Умаров Джамбулата билгалдаьккхира иштта гайтамаш дІабахьар вайн берашна пайдехь хилар. «Бераш вайн къоман кхане ю, шаьш дохкучу суьрташкахула церан аьтто хир бу кхечу къаьмнийн культура, гІиллакхаш, Іадаташ довза», – элира цо.

Цул тІаьхьа вистхилира Жгилев Владислав:

– Ас даггара декъалдо дуьненан дерриге а бераш шайн дезачу цІейца, Бераш лардаран дуьненаюкъарчу денца! Ирсе, маьрша, могаш дахар хуьлда церан! Ткъа хІокху гайтаме деанчу суьртех лаьцна аьлча, уьш схьадохьуш суна доккха гІо-накъосталла динарг Кадыров Хьасайн ву. Баркалла цунна! Иштта, суна баркалла ала лаьа Нохчийн Республикин Куьйгалхочунна Кадыров Рамзанна. Суна хазахета Соьлжа-ГІалахь, аш кхайкххахь со юха а вогІур ву, – дерзийра шен къамел хьешо.

Официальни дакъа чекхдаьллачул тІаьхьа Ленински кІоштан Берийн кхоллараллин цІийнерчу «Салам» ансамбло хелхаршца а, эшаршца а самукъадаьккхира гайтаман дакъалацархойн.

Цул тІаьхьа Кадыров Хьасайна а, Жгилев Владислава а цІен аса хадорца схьабиллира берийн суьртийн гайтам.

*З.САГАЕВА*

***Суьрта тІехь: берийн суьртийн гайтам схьабелларна лерина цхьаьнакхетар***

КХИАРАН НОВКЪАХЬ

# Пенсионни фондан урхаллин – керла гIишло

**ХIокху деношкахь схьайиллира Россин Пенсионни фондан Шелан кIоштахула йолчу урхаллин керла гIишло**

**Цигахь дакъалецира Нохчийн Республикин Правительствон хьалхарчу вице-премьера Закриев Якъуба, Россин Пенсионни фондан Нохчийн Республикехула йолчу отделенин куьйгалхочо Ахмадов Мохьмад-Эмис, Шелан кIоштан префекта Ибрагимов Турпал-Iелас, кхечара.**



Урхаллин керла гIишло схьаелларна леринчу даздаршкахь дакъалоцуш хьеший а бара: Россин Пенсионни фондан Къилбаседа Кавказан федеральни округехула йолчу урхаллин куьйгалхо Гетман Михаил а, Россин Пенсионни фондан Къилбаседа Кавказан федеральни округехь йолчу органийн куратор Белистов Игорь а.

Шен къамелехь М.Гетмана тидамза ца дитира Нохчийн Республикин Куьйгалхочо Кадыров Рамзана Россин Федерацин Пенсионни фондан меттигера органаш кхиорехь беркате къахьегар.

«Ас баркалла боху Нохчийн Республикин Куьйгалхочунна Кадыров Рамзанна. Цо гIо-накъосталла латтор бахьана долуш, Пенсионни фондан меттигерчу органийн материальни бух карарчу хенаца богIуш а, хьакъ долуш а бу. Тахана вай схьайоьллучу гIишло чохь белхахошна а, вайн клиенташна а массо а агIор аьтто бина», – элира цо.

Цул сов, цо лакхкхара мах хадийра республикехула йолчу ОПФР-н а.

«Шун коллективо тоьлла меттиг дIалоцуш хилар къайле яц. 2015-чу шеран жамIашца нийса а догIуш, Нохчийн Республикехула йолу ОПФР Къилбаседа Кавказан федеральни округехь уггаре а тоьлларг ю», – билгалдаьккхира М.Гетмана.

Россин Пенсионни фондо хIора шарахь дIахьош йолчу конкурсан «Лучший территориальный орган ПФР в СКФО» номинацехь хьалхара меттигаш яьхна Россин Пенсионни фондан Соьлжа-ГIалахь а, Грозненски кIоштахь а йолчу урхаллаша. Цуьнца доьзна дипломаш М.Гетмана дIаделира Я.Закриевга.

И.Белистовс билгалдаьккхира, Соьлжа-ГIалахь йолу урхалла деа шара чохь Къилбаседа Кавказан федеральни округехь йолчу 130 урхаллина юкъахь юх-юха а тоьлларг хуьлуш хилар.

Кхузахь билгалдаккха догIу, Нохчийн Республикин Куьйгалхочун на Кадыров Рамзанна Россин Пенсионни фондан лаккхара совгIат делла хилар – «Россин Пенсионни фондан Сийлаллин белхахо» цIе йолу мидал. Иза Белистов Игора дIаелира Закриев Якъубе.

Цул тIаьхьа Ерригроссин «Лучший страхователь года по обязательному пенсионному страхованию» конкурсан толамхошна совгIаташ даларан церемони дIаяьхьира.

***И.АДАМОВ***

# Соьлжа-ГIаларчу цхьана цIийнах яьлла цIе дIаяйъина

**Республикин коьртачу шахьаран пхи гIат долчу нах бехачу цIийнах яьлла цIе дIаяйа ницкъ кхаьчна цIеяйархойн. ЦIеялар хилла буьйсанна шийтта сахьт даьлча, Косиоран урамехь долчу 14-гIа номер йолчу цIийнах. МЧС-н векалан дешнашца, уггаре а хьалха цIийнан тхевнах яьлла цIе. Иза дечиган хилар бахьанехь сихха дIасаяьржина иза.**

МЧС-н хаамашца, цIа чуьра кIелхьараваьккхина 500 вахархо. Цхьана ханна йолчу дIатарбаран пункташка баха реза а ца хилла, шайн гергарчаьргахь дIатарбелла уьш.

ЦIе яйъина 2 сахьт 45 минот яьлча бохуш, хаам бо МЧС-н республикехула йолчу Коьртачу урхалло. Лазийнарш бац, яьлла цIе уллорчу цIенойх дIакхетарна кхерам бац.

Дуьххьара хаам кхаьчначу хенахь 200 квадратни метр майда хилла цIаро дIалаьцнарг. Цул тIаьхьа 800 крадратни метр майда дIалаьцна цо.

ЦIе йойуш дакъалоцуш хилла 117 адам а, 30 единица техника а.

Оцу хиламан бахьанаш хIинца а хууш дац, дIахьош таллам бу.

***I.МУРТАЗОВ***

IЕДАЛЕРА ХААМАШ

# Шаройн кIошт кхиор ю...

**Нохчийн Республикин Куьйгалхочун Кадыров Рамзанан тIедиллар кхочушдаран декъехь Нохчийн Республикин финансийн министр Рассуханов Iусман Шаройн кIоштарчу ХIимахь хилира.**

Цигахь иза цхьаьнакхийтира Нохчийн Республикин юьртан бахаман министраца – Шаройн кIоштан экономикин а, социальни а дакъа юхаметтахIотторехула йолчу оперативни штабан куьйгалхочуьнца Дадаев Мусаца. КIоштан ярташ меттахIитторехула долчу гIуллакхийн план кхочушъяр дийцаре дира министраша. Цу декъехь, школаш, берийн бошмаш, могашалла Iалашъяран объекташ яр а, ламанан кIоштан бахархойн дахаран хьелаш кхачаме а, аьхна а хилийта дан мел дезарш а. И берриге а белхаш 2016-гIа шо Шаройн кIоштан шо ду аьлла дIакхайкхийначу Нохчийн Республикин Куьйгалхочун Кадыров Рамзанан дIадолорца дIахьош бу.



Цул тIаьхьа финансийн министр цхьаьнакхийтира меттигерчу финансийн органан куьйгалхочуьнца Кубиева Тумишица, (Шаройн кIошт меттахIотторехула йолу оперативни штаб ХIимарчу финансийн урхаллин гIишло чохь ю). Тайп-тайпанчу проблемийн гIуллакхаш дийцаре дира цхьаьнакхетарехь. Рассуханов Iусмана Шаройн кIоштарчу финансисташна тIедиллира оперативни штабан балхахь оьшу гIо-накъосталла дар. 2016-гIа шо чекхдалале кIоштан ерриге а инфраструктура кхачам боллуш меттахIоттийна а, тойина а хила езаш ю. Дагалаьцна ду керла объекташ яр, хIинцале болийна шира цIенош меттахIитторан, тхов, кор-неI хийцаран белхаш, иштта дI.кх.а.

Цхьаьнакхетар дерзош, финансийн министра билгалдаьккхира республикин Куьйгалхочун тIедиллар дика а, шен ханнахь а кхочушдархьама, ницкъ мел кхочург дийриг хилар.

***А.СУЛИМАНОВА***

## Россин Книгийн союзан хаам

Шена юкъайогIуш Россин дукхах йолу книгийн зорбанан изданеш йолчу Россин Книгийн союзо, къаьсттина терго латтайо законца догIуш а доцуш, нехан интеллектан долалех пайдаэцарна тIехь.

Россин чоьхьарчу гIуллакхийн министерствоца бертахь болх а беш, законца догIуш доцуш книгаш йохкаран меттигаш билгалъяхарехь а, царна гIуда тохарехь а жигара болх бу дIахьош. Цуьнан коьрта Iалашо школашна леринчу дешаран литературин рынок баккъал йолчу книгех тардинчу сурсатех дIацIанъяр ю (хIунда аьлча, книгех тардинчу цхьайолчу сурсатех берийн могашаллина кхерам хила а тарло). ТIаьхьарчу масех шарахь бакъонаш ларъяран органаша болх бар бахьана долуш, книгех тардина сурсаташ арахецаран а, дохкаран а предприятеш дIакъовла таро хилла Москван, Владимиран, Ленинградан областашкахь а, Москва, Санкт-Петербург, Ростов гIаланашкахь. Цуьнца доьзна а долуш, пиратийн литературин барам лахбелла. Амма, практико гойтуш ма-хиллара, цуьнца йоьзна йолу проблема тахана а лаьтташ ю.

Дешаран литературин рынкехь книгех тардина сурсаташ билгалдахаран планаца нийса а догIуш, карарчу шеран январехь а, февралехь а Соьлжа-ГIаларчу книгаш йохкаран меттигашкара («ИрсКом» туька, Юкъарчу рынкера книгаш йохкаран кегийра туьканаш) схьаэцна зорбанан дикалла лахарчу тIегIанехь хиларан а, книгех тардинчу сурсатийн билгалонаш йолу а дешаран пособеш. Книгаш арахецаран предприятешкахь оцу пособешна йинчу экспертизо билгалдина уьш контрофактни хилар. Цунах лаьцна берриге а хаамаш дIабелла Россин чоьхьарчу гIуллакхийн министерстве.

Лахахь йовзуьйту Соьлжа-ГIаларчу книгийн туьканашкара эцна хилла йолу литература (экспертизан сацамца билгалдина уьш контрофактни хилар).

Смоленскан полиграфин комбинат:

1. Заказ 39805, Моро М.И., Волкова С.И., Математика. Рабочая тетрадь. 1 класс. Часть 1, 5-е издание (Школа России)
2. Заказ 39806, Моро М.И., Волкова С.И., Математика. Рабочая тетрадь. 1 класс. Часть 2, 5-е издание (Школа России)
3. Заказ 39978, Канакина В.П., Русский язык. Рабочая тетрадь. 4 класс. Часть 1, 3-е издание (Школа России)
4. Заказ 39979, Канакина В.П., Русский язык. Рабочая тетрадь. 4 класс. Часть 2, 3-е издание (Школа России)
5. Заказ 38835, Канакина В.П., Русский язык. Рабочая тетрадь. 1 класс. 5-е издание (Школа России)
6. Заказ 35182, Плешаков А.А., Окружающий мир. Рабочая тетрадь. 2 класс. Часть 1, 2-е издание (Школа России).

Иштта Тверан берийн литературин полиграфин комбинатан цхьамогIа белхан тетрадаш а.

ХIара хаам тидаме эца беза республикин берриге а книгаш йохкархоша.

ХЬАН КIЕНТИЙ, НОХЧИЙЧОЬ!

# Иза хьакъ ву шех дозалла дан



ИбраьхIим дукха жима вара, цунна гIенах хIорд гуш. Йист йоцу дуьне санна, иза цхьа тамашийна, шорта бара. Даима кIант дIавоьхура цо, эсала техкачу тулгIенашца дагах гилгаш дохура. ХIинца а ца хаьа цунна иза мичара дIадоладелира. Дениев ИбраьхIим 1951-чу шеран 21-чу июнехь дуьнен чу ваьллачу Казахстанерчу Джамбульски областерчу Меркехь хIорд бацара. Самах кIантана иза цкъа а гина бацара. Делахь а, аганара воьссичахьана кхуьнан кхин дуьйцуш хIума-м дацара. Юьхьанца дена шен кIантаца дерг берийн ловзарш ду моттаделира. Цундела цо забарехьа доккхий дуьтура ИбраьхIима мел дуьйцург. 1957-чу шарахь кхиболу нохчий санна, Даймахка цIабирзира ДениевгIар а. Схьавалар Соьлжера хиллехь а, берашна деша бегIийла хилийтархьама Соьлжа-ГIалахь шен доьзалца сецира ИбраьхIиман да Дениев Хамби. Ткъа Хамбин а, цуьнан хIусамненан Асетан а 9 бер дара: ялх кIант, кхо йоI. Цаьрга массаьрга дешийтина, говзалла караерзаяйтира дас-нанас. Юккъера школа кхиамца чекхъяьккхина, хIордан эпсар хила шен лаам хилар ИбраьхIима хьахийча, дас и къамел дар а дихкира кIантана. Цундела ца догIучу дагца Дениев ИбраьхIима Соьлжа-ГIаларчу мехкадаьтта даккхаран говзанчаш кечбечу институте чуделира шен кехаташ. Экзаменаш а дIаелира, деша дIа а волавелира. Амма хIордах хьерча ойла гIел ца лора. Цо дIавоьхура жима стаг, бераллера сатийсам кхочушбан. 1970-чу шарахь хьалхарчу курсан экзаменаш кхиамца дIаелча, шен документаш схьа а оьций, Севастополе воьду иза, цигарчу ТIеман-хIордан училище кехаташ дIадала. ЦIахь болчаьрга Краснодаре воьдуш ву ша олу цо, цигарчу кхачанан сурсатийн институте деша дIатасавала хьажа. Амма жимачу стага хьовзийна кийтарло сихха гучуйолу. Ша кехаташ чуделла ваьлча телеграмма йоуьйту ИбраьхIима ша лелориг дуьйцуш. Да оьгIазвоьду аьллачунна тIера ваьллачу кIантана. Цо воккхах волу кIант Хас-Мохьмад тIаьхьа хьажаво вешина, иза цIавалавайта. Воккхах волу ваша тIаьхьа кхаьчча ИбраьхIим экзаменаш дIаелла вала герга вара. Цо чIогIа дийхира веше тIаьххьара йисина экзамен дIаялийтар. Дагана мелла а кIеда волу Хас-Мохьмад малвелира. Ткъа ерриге а экзаменаш дIаелла ваьлча цунна къахийтира шен жимахволчу вешех. Сел чIогIа цунна лууш хилча юкъара ца ваккхавелира. Деца маслаIате къамел дар шена тIелаьцна Соьлжа-ГIала цIавирзира дов эцна вахана Хас-Мохьмад. Ткъа Дениев ИбраьхIимах Севастополерчу лакхарчу тIеман-хIордан инженерийн училищан курсант хилира. Бераллехь кхоллабеллачу сирлачу сатийсаман юьхь яра иза. Жимачохь дуьйна нуьцкъала амал, синъондалла йолуш хиллачу ИбраьхIиман къар ца валаро валийра иза цкъа мацах юьхьарлаьцначу Iалашонна герга.

1975-чу шарахь Дениев ИбраьхIим Севастополера лакхара тIеман-хIордан инженерийн училище кхиамца чекхъяьккхина велира лейтенантан чинехь а волуш. «Леринчу энергетикин гIирсийн» инженеран говзалла яра цо караерзийнарг. Кхетачу маттаца хибухахула лелачу атомни кеманийн энергетикин гIирсийн инженер вара вайн махкахо. ЦIечу байракхан Къилбаседан флоте балха а хьажийра иза. Проект КРДУ-1 №661 йолчу хибухахула лелачу кемана тIехь реакторни декъан куьйгалхо волуш дIаболийра Дениев ИбраьхIима шен хьаналчу къинхьегаман некъ. Еххачу хенахь хIордийн а, океанийн а дукха хиш гездира цо, шена тIедехкина декхарш кхочушдеш. Белхан накъосташца кIеда-мерза, оьшучохь гIо-накъосталлина гIатта кийча хиларца, массаьрца ийна хиларца билгалвелира иза. Ялх шарахь бира ИбраьхIима и хала болх. 1981-чу шарахь дагахь доцуш белхан меттиг хийца дийзира цуьнан, йоI цомгаш хиларна. ЙоьIан цамгарца доьзна дара Iер-вахаран меттиг цо хийцар а. Владимирски областан тIеман комиссариате балха хьажаво иза. 1989-чу шарахь Подмосковье схьавалаво, Ленинан цIарах йолчу кIоштан комиссар. Шена тIедехкинчу декхаршца ларош, балхана сутара, Даймахкана тешаме кIант волуш чекхваьлла Дениев ИбраьхIим. Массанхьа а белхан накъосташна везаш а хилла иза. ТIеман гIуллакхан говзанча санна боккха лерам хилла цуьнга. Цунна къеггина тоьшалла ду Дениев ИбраьхIиман доьзалан архивехь алссам Сийлаллин грамоташ а, Баркаллин кехаташ а хилар.

1990-чу шарахь Нохч-ГIалгIайн Республикин тIеман комиссаран балха хьажийра Дениев ИбраьхIим. Цу хенахь а хьалхарчу ранган капитан вара иза. Контр-адмиралан цIе яла кехаташ дара кечдина. Массо а тешна вара кестта цунах болу кхаъ махка кхочург хиларх. Цуьнга кховдина дарж а дара, мел лахара Инарлин чинехь волчу стага дIакхехьа догIуш. Нохчийн къоман исторехь дуьххьара нисделлера нохчи иштта лакхарчу тIеман дарже хIоттор. Бакъду, Нохчийн къоман исторехь Iаламат чолхе беана мур бара иза. Доха карзахдаьллачу советийн Iедало 70 шарахь нуьцкъала латтийна урх малйинера. Низам доьхнера. Дудаев Джохар Президент а кхайкхош, Нохчийчоьно ша Россех йозуш цахилар дуьненна дIакхайкхийра. И дерриге а гуш, кегаелла еанчу заманан теш хилла чекхвелира Дениев ИбраьхIим. Цуьнгахь хьекъал, хьуьнар хилира ша схьаваьллачу къоман шех бIаьрг ца бодуьйтуш чекхвала. 1993-гIа шо тIекхаччалц Нохчийн Республикин комиссаран даржехь болх беш вара Дениев ИбраьхIим. Советийн Iедал доьхна дIадаьллехь а, цIен байракх Нохчийн Республикин тIеман комиссариатан тхов тIера охьа-м ца яккхийтира цо. Цул сов, тIеман говзанча ша хиларе терра цо ларйина, Iалашйина Къилбаседа Кавказан тIеман округан штабе дIаяхьийтира шех тешна йисина тIеман комиссариатан архив. Иштта дола а, Iуналла а деш ларбина, зен-зуламах Iалашбина махках бовлийтира Нохчийн Республикин кIоштийн комиссариаташкахь белхаш беш хилла кхечу къаьмнийн векалш. ХIинца а баркаллин кехаташ доккхуьйту царах цхьаболчара Дениев ИбраьхIиме. 1993-чу шарахь Москва дIавахара иза. Ши-кхо шо хьалха цунна яла лерина хиллачу контр-адмиралан цIарах дерг, цу муьрехь Россин оборонан министр хиллачу Грачев Павела иштта дIахадийра: «Тоьар ву нохчашна цхьа инарла Дудаев Джохар, Дала тIе ма доуьйтийла нохчийн ши инарла вовшахкхетар!» Делахь а, Дениев ИбраьхIиман хьуьнар, белхан говзалла, Даймахкана тешаме хилар а девзаш болчу хIордан-тIеман флотан куьйгалхоша Даймехкан коьртачу шахьарехь балха дIанисво хьалхарчу ранган капитан. Москва дIаваханера аьлла, дай баьхна латта диццина Iаш-м вацара нохчийн яхь йолу кIант. Цуьнан кхузахь дехаш да-нана а, йиша-ваша а дара. Уьш ца хилча а, ямартлонца тIеман къизачу кIуркIамани юкъаозийначу шен халкъах цуьнан дог лозура. Оьздачу нохчийн кхерчара схьаваьлла, яхь йолуш кIант вара иза, къоман гIиллакхашца кхиийна, Даймахках дозалла деш, толамийн лакхенашка кхийдина.

ТIом дIабирзина аьлла хетачу 1996-чу шарахь кхин цкъа а Нохчийн Республикин тIеман комиссар воуьйту Дениев ИбраьхIим. Чолхе мур бара иза. Деббера Ичкерин инарлаш, царна юкъахь барт бацара, денна идош маьрша адамаш дара, Россина тIехь баьккхинчу «толамах» самукъадаьлла, Iехабелла мехкан куьйгалхой бара, Iедалан урх чIагIъян хьуьнар ца хиллехь а. И дерриге а вайна гина, халкъо лайна. Ишттачу хьолехь болх бан дийзира Нохчийн Республикин тIеман комиссаран Дениев ИбраьхIиман. Делахь а, иза тIех дика ларийра шена тIедехкинчу декхаршца. ХIора «имамаца» бийца мотт карабора цунна. Цуьнга ла а дугIура, цуьнга сий-ларам бара. 1996-гIа шо чекхдаллалц Нохчийчохь болх бира цо. Кегабелла беанчу цу муьрехь шен дегI а, са а ца кхоош хьанал къахьегна. Жигара дакъалаьцна мехкан юкъараллин дахарехь, лехна машаран гечонаш, дина маслаIате къамелаш. Дениев ИбраьхIиман хьуьнар, корматалла, доьналла, догцIеналла бахьанехь йийсаре лаьцначуьра мукъа витира федеральни эскаран 264 салти. 1997-чу шарахь юха а Москва дIавоьду иза. «ТIамехь хьуьнарш гайтарна» цIе йолу орден ло цунна. 13 мидал хьалха дуьйна йолуш яра цуьнан. Россин коьртачу шахьаран тIеман комиссариаташкахь кхин а шина-кхаа шарахь тайп-тайпана белхаш бо вайн махкахочо. Массо а меттехь белхан накъостийн сий-ларам болуш чекх а волу.

Хала лов Дениев ИбраьхIима Нохчийчохь шолгIа тIом болабалар. ТIеман эпсар ша хиларе терра, цунна гуш дара хьалха хиллачу тIамал а луьра а, буьрса а иза хилар. Иштта гуш яра къинхетамза охьаотуш йолу, шен баралла, жималла хьистина Соьлжа-ГIала. Вайн санна дог лозура цуьнан къизачу бохамаша хьоьшучу шен декъазчу халкъах. Иза ца Iавелира Москварчу хIусамехь кхерамазаллин турс дина. 2000-чу шеран августехь Соьлжа-ГIала командировке вогIу синтем боцу эпсар. Шена мел гуш дерг дIаяздо цо, шен куьйгалле рапорташ кхоьхьуьйту. Шегахь йолчу таронца тIеман цIаро чахчош лаьттачу Даймахкана орцахвуьйлу. Делахь а, цкъачунна нохчаша дуьйцург, иза мел бакъ хиларх, тидаме оьцуш стаг вацара. Къацахетарийн караяханчу Соьлжа-ГIалахь кхо бутт боккхий, октябрь баттахь доьхначу дагца, шийлачу ойланашца Москва юхавоьрзу иза. Цуьнга ца лало нохчийн къомана тIехь лелон харцонаш, федеральни эскаран цхьаболчу инарлийн ямартлонан хIо деттало шалхонаш, хIаллакьхуьлуш лаьттачу къоман бохамехь «хIонс» лоьхучу эпсарийн сутаралла. Дениев ИбраьхIиман йоьхна, яьржина шийла ойланаш евзинчу, Нохчийн Республикин хьалхарчу Президента Кадыров Ахьмад-Хьаьжас (Дала гIазот къобалдойла цуьнан) дехар дира сих ца луш, собаре хилахьара аьлла. Цхьаъ мукъане а нохчи царна юкъахь хилар Iаламат мехала хетара къоман баьччина. Ахьмад-Хьаьжас шена цхьа некъ карор бу элира, иштта халкъана, махкана муьтIахь волу эпсар Нохчийчу цIаверзо. Бакъдерг билгалдаккха догIу, даима санна Кадыров Ахьмад-Хьаьжас ша делла дош кхочушдира. 2001-чу шеран 16-чу апрелехь Нохчийн мехкан Куьйгалхочо Кадыров Ахьмад-Хьаьжас №01/325 йолуш кехат яздо Россин оборонан министре С.Б.Ивановга хьалхарчу ранган капитан Дениев ИбраьхIим Нохчийчоьнан цхьана кIоштан комендант ваийтар, доьхуш. Амма и кехат жоп доцуш дуьсу. Цу бакъдолчо кхин цкъа а гойту Россин цхьаболу инарлаш тIом дIаберзо сиха хилла цахилар а, маслаIатан гечонаш цара лоьхуш хилла цахилар а. Цунах кхетта вайн махкахо пенсе ваха кечвелира. Атта тIелаьцна сацам бацара иза. 2001-чу шеран июнь баттахь 50 шо кхаьчна волу хьалхарчу ранган капитан пенсе вахара. Иза хIинца а Москвахь Iаш ву. Цуьнан доьзалехь кхо йоI ю. Цуьнан хIусамнана а ИбраьхIим санна Соьлжера ю, шен бийца оьзда дай, тайпа-тукхам а долуш. Цундела дог тешна ду, церан доьзал а дега-нене хьаьжжина, иштта яхь йолуш, нохчийн халкъ дезаш а, цуьнан дуьхьа баха, къахьега кийча болуш, гIиллакхе-оьзда хир бу аьлла. Шайн да къеггина масал ду царна, мел хала мур дахарехь тIехIоттарх, адамаллех ца къаьсташ, нийса некъ харжа. Массарна хаьа иштта хьалхе пенсе ваха, безаш къастийначу балхах вала мел хала хилла хир ду къонахчунна. Делахь а, беза болх, ша схьаваьллачу къомана тIехь лело харцо терзана тIе нисъелча, даго къомехьа озар стеган башхачу амалехь даима хилла доьналла сов далар ду. Бакъволчу эпсарехь, аьлча а, бакъволчу нохчийн къонахчуьнгахь дуьне цецдаккхал хуьлу-кх и доьналла. Цундела лаьа цунах лаьцна дийца, дуьненна иштта къонах дIавовзийта. ХIора нохчичунна юьхькIам бу Дениев ИбраьхIим санна волу къонах вайна юкъахь хилар. Иза баккъал а хьакъ ву вайх хIорамма а шех дозалла дан.

***А.ГАЗИЕВА***

ИЙМАНАН СЕРЛОНЕХЬ

# Таравийхь ламаз

## Таравийхь ламаз къаьсттина Рамадан баттахь деш долу буьйсанан ламаз ду



Маьждигехь жамаIатца дар гIоле ду иза, ша цхьамма цIахь дича а хуьлу, иза деза суннат хилар гойтуш ду Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дина хилар а, диначунна хуьлуш йолу ял йийцина хилар а.

Бухарис а, Муслима а, Абу-ХIурайратера ду аьлла, дийцина (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьадис. Цо аьлла: **«Рамадан баттахь, уьш дан дезаш хилар бакъдеш волуш, даггара Делан дуьхьа (таравийхь ламазаш деш) лаьттинарг – цунна гечдийр ду хьалха динчу къиношна».**

Асхьабаша, хIора ши ламаз мосазза ди, садоIуш хилла цундела, таравийхь (садаIаран) ламаз аьлла цIеяхна цуьнан.

Цуьнан хан пхьуьйра ламаз динчул тIаьхьа, Iуьйра ламазан хан тIекхаччалц ерг ю.

Цуьнан барам ткъе кхо ракаIат а, кхойтта ракаIат а, цхьайтта ракаIат а бу, аьлла хьахийна меттигаш ю. Вайн махкахь лелош дерг цхьайтта ракаIат ду, шишша ракаIат долу диъ ламаз а, уьш дерзош деш долу витран кхо ракаIат а.

## Ламазаш даран кеп

Пхьуьйра ламаз, цул тIаьхьа долу ши ракаIат суннат ламаз дина, тасбийхь, доIа дина ваьлча, кхана кхаба дезачу мархин нийят дийр ду:

**–Ас нийят ди кхана хIокху шеран Рамадан беттан фарз марха Делан дуьхьа кхаба**, – аьлла. ТIаккха, хIора ламазана хьалха имама: – **Ассолату жамиIахI аьлча, массара а: Ла хьавла ва ла къуввата иллахIи биллахIи. АллахIумма солли Iала Мухьаммадин ва Iала али Мухьаммадин ва саллим. АллахIумма Инна насьалукал-жаннати фанаIузу бика минан-нари,** – аьлла, таравийхь ламаз доьхкур ду: – **Ас нийят ди тарвийхь хиллачу хьолехь (я имамана тIаьхьа хIоьттина) ши ракаIат суннат ламаз Далла дан, АллахIу Акбар,** – аьлла.

Иштта таравийхь диъ ламаз (бархI ракаIат) дийр ду.

ХIора ши ламаз мосазза ди: **– СубхьаналлахIи, вал-хьамду лиллахIи, ва ла илахIа иллалахIу, валлахIу Акбару. СубхьаналлахIи Iадата халкъихIи, ва ризоа нафсихIи, ва зината IаршхIи, ва мидада калиматихIи,** – эр ду.

ТIаккха витру ламазаш дийр ду: **– Ас нийят ди витран ши ракаIат суннат ламаз Далла дан**, – аьлла доьхкур ду хьалхарниг.

ШолгIаниг: **– Ас нийят ди витран цхьа ракаIат суннат ламаз Далла дан,** – аьлла доьхкур ду.

Цул тIаьхьа хIара тасбийхь дийр ду: **– Субхьанал-Маликил-Къуддуси, Субхьанал-Маликил-Къуддуси, Суббухьун, Къуддусуи, Роббуна ва Роббул-маликати вар-рухьи. Субхьана ман таIаззаза бил-къудроти вал-бакъаи, ва къахIарал-Iибада билмавти вал-фанаи, Субхьана Роббика Роббил-Iиззати Iамма ясифуна, ва саламун Iалал-мурсалийна, вальхьамду лиллахIи Роббил-Iаламийна.**

ТIаккха доIа дийр ду:

**Алхьамду лиллахIи Роббил Iаламийна вас-солату вас-саламу Iала расулиллахIи.**

**АллахIумма заййина бизинатил-иймани. Ва шаррифна бишарафатил-хIидаяти вал-Iирфани, ва акримна бисиями шахIри Рамадан а варзукъанал-жанната вал-гIуфрана. Ва такъаббал мина таравийхьана я субхьану, вастажиб дуIаана я Хьаннану, бифазлика ва жудика я Маннану. Бирохьматика я Арахьамар-Рохьимийна. АллахIумма солли Iали Мухьаммадин ва Iала али Мухьммадин ва саллим (фатихьа).**

## Къунут-доIа

Рамадан беттан шолгIачу декъехь, витран цхьа ракаIат долчу ламазехь рукуIера хьаланисвелча къунут-доIа дешар суннат ду. Нахалахь «МахIдин» доIа аьлла девзаш ду иза: – **«АллахIуммахIдини (на) фийман хIадайта, ва Iафини (на) фийман Iафайта, ва ва таваллани (на) фийман таваллайта, ва барик ли (лана) фийма аIтIойта. Ва къини (на) шарра ма къозайта, фа иннака такъзи ва ла юкъзо Iалайка, ва иннахIу ла язиллу ан валайта, ва ла яIиззу ман Iадайта, табарокта Роббана ва таIалайта. Фалакал-хьамду Iала ма къозойта. Ва лакаш-шукру Iала ма хIадайта, (н) астагIфирука ва (н) атубу илайка. Ва соллаллахIу Iала сайидина Мухьаммадинин-набиййил-уммиййи ва Iала алихIи ва сохьбихIи ва саллама».**

Нахе ламаз дойтуш хьалхаваьллачо (имама), хIара доIа хезаш а, лакхахь вай йинчу билгалонашца дукхаллин терахь лелош а доьшур ду. ТIаьхьахIиттинчара (маьмумаш), юьхьера дуьйна иза дешна валлалц цунна тIаьхьара амин эр ду.

ХIара доIа доьшуш, куьйгаш хьалаайдийр ду, чекхдаьлча, куьйгаш юьхьа тIе ца хьоккуш, сужуде гIур ду.

*МУРТАЗАЕВ Сайд-Мохьмад-Хьаьжа*

ОРАМАШ

# Нохчийн къоман гIишлошъяран ламасташ

**Нохчийн къам ламанца а, аренца а даьхна. Ламчохь деха тайпанаш хилла коьрта долчунна, аренца дехаш а. Аре гуттар а къовсаман меттиг хилла, цигахула дIасалелаш тайп-тайпана бIонаш хилла дела. Ломано вайн къомана кIелхьардовла, аьтто беш хилла. Лахенца а, ломахь а деш хилла чохь Iен цIенош. ЦIа, цIе, цIий – цхьана орамера схьадогIуш, «деза, сийлахь» бохучу маьIнехь дешнаш ду уьш.**

Уггаре а хьалха адамаша шайн а Iен-даха аьтто болу меттиг лохуш хилла. Цунах Iайла аьлла цара. Iилманчина Хаджимурадов Шемилна хетарехь, оцу дашах (Iайла) кхолладелла ду вайн эвла а, кхечу меттанашкахь долу аул, аил боху дешнаш а.

«Iайла» бохучу дешан синонимаш ю вайн нохчийн маттахь: пхьа, кхаьлла, гIала, юрт. Пхьа и Iаламат шира дош ду: нах беха меттиг бохург ду и, пхьакоче – иза ламанан юьртан уггаре а лекха меттиг ю, пхьадуьхе – уггаре лоха меттиг.




«Пхьа» кхин маьIна долуш ду, «пхьа» – цIий, чIир бохучу маьIнехь а лела. Масала, «пхьа хьаьрчина стаг вара иза» бохург цIий «хьаьрчина», я «чIир» хьаьрчина, луралла тIедоьжна стаг вара бохучу маьIнехь лела. Кхаьлла боху дош цхьаболчу Iилманчашна хетарехь, тюркийн метталашкара кхаьчна вайн матте. Вайна кхачам боллуш ца хета и делил. Тхуна хетарехь, кхаьлла боху дош – «кха» бохучу дашах кхолладелачух тера ду, – ла – суффикс тIекхетарца. Кха – иза наха тIехь къахьоьгу, ялта кхиаден латта (урд) ду. Кхалла – иза и латтанаш (ардаш) долу меттиг бохург ду.

Ткъа гIала боху дош а, «чIагIо», «агIо», «гIа», «гIад», «гIора», «гIарт» бохучу дешнашна гергара ду, церан цхьа орам бу. Оцу массо а дашехь «ницкъ, андо, гIора» боху маьIнаш ду. ГIала – чIагIо, дуьхьало бохург ду. Оцу дешан хьалхалера маьIна, тIекIелйина, доьзална чохь Iен кечйина гIишло бохург ду. ТIаьхьо оцу дешан маьIна шорделла, «дуккха тIекIелдина цIенош, дуккха а нах беха йоккха меттиг» бохучуьнга дирзина. Тахана гIала «шахьар» бохучу дешан синоним хилла лела вайн маттахь: Соьлжа-ГIала, Гуьмсе-гIала…

Ламанца йолу гIишлош дукха хьолахь тIулгех еш хилла. Царах уггаре а йоккха говзалла оьшург бIов хилла. БIов кхаа тайпана хилла: тIеман, (хадаран, ахтIеман, Iер-дахарна лерина (цунах гIала олуш а хилла).

Хадаран бIов леррина мостагIийн богIу ца богIу хьовса, нагахь уьш богIуш хилахь, кхидIа а хаам беш, бIаьвнан лакхарчу корехь болчу маршкхери тIехь цIе латтош хилла. Иза чIожахь цул лакхахьарчу бIаьвна чуьрчу хехошна гуш хилла, цара кхидIа а хаам беш хилла, цIе а латош. Иштта хууш хилла массарна а мостагIийн бIо герга гIоьртиний. «БIов» – бохучу дешан маьIна «бIо чохь Iаш йолу гIишло бохург» ду боху Iилманчас Хаджимурадов Шемила.

ХIора бIов шен-шен бустамца еш хилла. Йотта йолийна шо кхочучу дийнахь чеккхъяла езаш хилла иза. Оцу дийнахь бIаьвнан буьххье цIурко тIулг а буьллий, охьавуссуш хилла тIо-говзанча. БIов чеккхъялар даздеш, доккха цIей хIоттош хилла, тайп-тайпана хIоттамаш болуш хилла. Архитектора, художника Амирханов Борхас иштта билгалбаьккхина ахтIеман бIоьвнан бустам: бIаьвнан бухахь цIенкъа охьа а оххий, ларма еш хилла, цу чохь ялта а, хи а Iалашдан; лармел лакхахь, хьалхарчу гIат тIехь кхай хилла, цу чохь даьхни Iалашдеш хилла; цул лакхахь – коьрта цIа хилла, доьзал чохь Iаш, цу чохь кхерч а, кхерча тIехула кхозуш зIе а, цунна тIеоьллина яй а, юккъехь лаьтташ аьрда бIогIам а хилла; царал лакхахь – цхьаъ, шиъ, кхоъ – сов чоьнаш хилла; тIаккха – теман цIа, цу чуьрчу бахархойн тем ларбеш, хехой хилла цу чохь Iаш; тIаккха, чIапа тIулгаш-экъанаш йоххуш, тхов беш хилла.

Хадаран бIов, доьзалш чохь Iен гIаланаш а, божалш а, жоьлаш а, чу а лоцуш, тIулгех, чхернех керт еш хилла. Цунах гIап олуш хилла. Цхьана гIопахь бехаш-Iаш уллора гергара нах, цIийнан нах хуьлуш хилла.

Аренгахь а, аьрцнашкахь а бехачу нохчаша шайн гIишлош дечигах а, поппарх а, шайн хIусам, уьйтIе чулоцуш еш йолу керт а, серий а дуцуш, еш хилла. И серий я бIаьллиган, я дак-дечигах хилла. Иштта ялта чудохка беш болу дуо а, накхар-мозашка моз даккхийта хIиттош долу накхарш а, серий а дуцуш, деш хилла. Чохь Iен цIенош, лаьттах дечиган бIогIамаш а дугIуш, пенашна шина агIор гIуркх а тухуш, чу поппар а тосуш, деш хилла. Оцу цIийнан тхов эрзах я шох а дина цIевнаш тIедохкуш беш, я луьстта дечиг а тухий, цу тIе латта а духкий, юха тIулган экъанаш а йохкуш беш хилла. Чохь цIенкъа можачу лаьттах бина поппар хьохуш хилла, и бакъабелча цу тIе боршам а хьоккхуш. Цхьаболчара дагарца хьаькхна дечиг, я аьтто болчо уй тухуш а хилла.

ЦIенош, дукха хьолахь, деха деш хилла, шина агIор схьайиллина учеш а йолуш, оцу учара хIора чоьнна чуйоьллуш шен-шен неI а йолуш.

Поппар хьаьхначу пенашна чохь, арахь кIайн, я лила тоьхна, сенбина кир тухуш хилла.

Герггарчу хьесапехь иштта хилла цIенош дар, вайн халкъ цIера даккхале.

Аренца я аьрцнашца йолу ярташ, тIелетачу тайп-тайпанчу мостагIаша кест-кеста ягош хилла. Цундела шайн Iойлеш атта, цхьана ханна еш хилла нохчаша, дукха хьолахь. Иштачу цIенойх лаппагIанаш олуш хилла. Нислуш хилла лаьттах ор а доккхий, цу тIе тхов а туьллий, Iадоккхийла еш. Цуьнан цIе тоьла ю.

ЦIенош хьалха, ша къаьсттина деш хилла оти. Иза, дукха хьолахь, хьешана лоруш хилла. Цу хьокъехь дуккха а могIанаш ду нохчийн турпалаллин иллешкахь. Масала, иштта:

**Хьешана диначу цу дуьхьал оти чохь,**
**Шун даа хевшир тов цхьатерра кIенатой.**

Оти, дукха хьолахь, рагIу кIелахь деш а хилла.

**ДIакъовлуш уьйтIенан агIо,**
**ХIусамдас хIоттийра рагIу.**
**Лардан цIа осалчу хIонах,**
**Арарчу зуламах, вуонах.**

РагIу хьалха заманахь лаьттах ножан бIогIамаш дугIуш деш хилла, хIунда аьлча наж чIогIа дечиг ю. Иза яхка а ца ло атта, нагахь иза гурахь, я Iай яккхахь, бIаьста дечигашна хи меттахдалале. Нохчийн доьзало шеран йовха хан (бIаьстенан чаккхе, аьхке, гуьйренан юьхь) гуттар рагIу кIелахь йоккхуш хилла. Цу бухахь хилла охьахаа паднар, хIума юуш горга стол, кхача кечбан нохчийн пеш (кхерч), хьаьжкIаш кхарза куьрк…

ЦIенош, рагIу, божал, жоьла, дуо, стоьмийн беш, хас, чулоцуш тоьхначу хIазарх – ков-керт олуш хилла. Ков хьалха дечигах деш хилла, дечиган гIоращца чIагIдеш. Ков тIетосуш болчу шина бIогIамах утарманаш олу. Утарма кхечу бIогIамел йоккха а, дечиган пхьеро хьоккхуш кечйина а хуьлу. Хьеший баьхкича, вуон-дика хилча, дIадоьллуш хилла ков. Вуьшта нахана чу-ара бовла, жима ков, я зIар деш хилла доккхачу коьвнна уллохь.

**Хьешана неI елла дийнахь, буса,**
**Кийча хилла нохчийн оьзда хIусам.**
**Шелонан дарц цуьнан дагах хьерчарх,**
**Вохвеш хилла цIе йогучу кхерчо.**
**ВогIучунна гойтуш цIен тIе некъ,**
**Iуьйре кхаччалц, догуш хилла кор.**
**Маршаллица йоьллуш хилла неI,**
**ХIусамнанас кечдеш чоме пхьор.**

*АХМАДОВ Муса,*
*Нохчийн Республикин халкъан яздархо*

ИНТЕРВЬЮ

# Нохчийн мотт кхиорехь маьIне болх

**Вайн маттаца долу хьал Iаламат ладаме хиларна, цу декъехь болх беш болу говзанчаш ешархошна бовзийта болчу лаамца Нохчийн Республикин Iилманийн академин пайде семиотикин отделан куьйгалхочуьнгара Умархаджиев Салаудигара интервью ийцира «Даймохк» газето. Оцу отделан белхахоша вайн мотт кхиорехь дIахьош болу белхаш бовзар а, церан куьйгалхо умархаджиев Салауди вовзар а пайдехь хир ду вайн махкахошна, къаьсттина кегийрхошна.**



Умархаджиев Салауди вина 1953-чу шеран 11-чу февралехь Казахстанехь. 1970-чу шарахь Iалхан-Юьртара юккъера школа чекхъяьккхина. Цул тIаьхьа дешна Ростован пачхьалкхан университетан механикин-математикин факультетехь. 1978–1981-чуй шерашкахь Ростован пачхьалкхан университетан дифференциалан уравненийн (нисдаларийн) кафедрин аспирант лаьттина. 1982-чу шарахь физикин-математикин Iилманийн кандидатан диссертаци чIагIйина цо. 1993–1995-чуй шерашкахь Ростован пачхьалкхан университетан докторант а хилла. 1976–2016-чуй шерашкахь Нохчийн пачхьалкхан университетехь ассистентан, доцентан, профессоран, кафедрин куьйгалхочун, проректоран белхаш бина Салаудис.

Дуккха Iилманан белхаш а, компьютерни программаш а хIиттийна Салаудин куьйгаллица. Царах цхьаерш: Нохчийн «I» элп, пилгунан (клавиатура) мотт



хийцар а доцуш, зорбатуху программа «Elp-I»; Нохчийн цIердешнаш ша легаден программа «Tserdosh»; Нохчийн хандешнийн кепийн а, дериватийн а база кхуллу компьютеран программа «Khandosh». Иштта, С.Умархаджиев куьйгаллехь волчу Нохчийн Республикин Iилманийн академин пайде семиотикин отделан сайта тIехь охьадеххина ду: М.Яндаровн хьесапийн жайна; Э.Абдурашидовн «Юридически терминийн нохчийн-оьрсийн, оьрсийн-нохчийн дошам»; С.Умархаджиевн, А.Ахматукаевн «Математикин терминийн нохчийн-оьрсийн, оьрсийн-нохчийн дошам»; А.Карасаевн, А.Мациевн «Оьрсийн-нохчийн словарь»; А.Мациевн «Нохчийн-оьрсийн словарь». Иштта, оьрсийн-нохчийн словарь «Дикдошам» а, «GoldenDict» а.

**– Салауди, нохчийн маттаца гергарло хьайн маца тасаделла а, Iилманийн академехь болх бан муха волавелла а, айхьа Iилманан декъехь яьхна гIулчаш а йовзийтахьа тхуна.**

– Iилманийн академехь ас болх бен 5–6 шо бен дац. Сан коьрта говзалла математика ю, 37 шарахь болх бина ас оцу декъехь. Бакъду, Нохчийн пачхьалкхан университетехь айса болх бечу тIаьхьарлерчу масех шарахь хаамийн технологийн кафедрин заведующи а лаьттина со. Цундела компьютершца долу хьал девзаш а ву, вайн мотт цу чу баккха, гуттаренна а компьютершна чохь бисийта Iалашо юьхьарлаьцна а ву. Дуьххьара нохчийн меттан декъехь болх бан 1986-чу шарахь волавелла со. Оццу шарахь, Ахматукаев Адамца математикин терминаш оьрсийн маттера нохчийн матте а, иштта бIостанехьа а гочйина, дошам арахийцира оха. Оцу хенахь дуьйна белхан накъосташца цхьаьна нохчийн мотт кхиорехь болх шуьйра дIакхоьхьуш схьадогIуш ду тхо.

**– Нохчийн Республикин Iилманийн академин пайде семиотикин отдело хIун тайпа белхаш дIахьо, шун коьрта Iалашо хIун ю?**

– Семиотика – иза хьаьркаш Iамош Iилма ду. Муьлххачу меттан а бух бу семиотика. Ткъа тхан отдел, вайн республикерчу Iилманчаша-филологаша нохчийн мотт кхиорехь беш болу болх компьютер чу боккхуш, и нахе дIакхачош, болх беш ю.

2013-чу шарахь Нохчийн Республикин Iилманийн академин вице-президента Дадашев Райкома дIаболийна бу компьютеран программийн нохчийн локализаци дIаяхьа лерина хьелаш кхолларан болх. Оцу Iалашонца кхоьллина яра Нохчийн Республикин Iилманийн академин пайде семиотикин сектор. Хьалхарчу шарахь секторехь къахьоьгуш ши белхахо бен вацара тхан. Шо даьлча, секторе кхин а кхо белхахо схьаийцира, уьш берриш а компьютеран технологийн декъехь говзанчаш бара. Локализаци яран болх, Iилманийн академехь меттан а, литературин а отдело дакъа а лоцуш, дIахьош бара. Амма бечу белхийн барамо а, церан башхаллаша а гойтура оцу декъехь къахьега отделехь шен филолог везаш хилар. 2014-чу шарахь отделе ши филолог схьаийцира. Оццу шарахь секторх отдел йира. Карарчу хенахь отделехь къахьоьгуш бархI белхахо ву. Уьш тайп-тайпана белхаш дIакхоьхьуш а бу.

**– Нохчийн мотт компьютер чу баккха Iалашо маца кхоллаелла шун? Муха дIадахьа лерина ду шу и гIуллакх?**

– ГIезалойчоьнан куьйгалло шайн мотт «Microsoft Corporation» компанин «Microsoft Windows» тIе баккхийтина аьлла, хаам кхаьчча, со хьаьгира гIезалойх. Иштта гIуллакх вайн республикехь а дича, ма мехала хир дар-кха аьлла, Дадашев Райкомна тIе вахара со. Цо къобалдира и гIуллакх, Нохчийн Республикин Iилманийн академин президенте Гапуров ШахIрудига аьлла, командировка а елла, ГIезалойчу а вахийтира со, цара хIун дина хьажа. ДIаккхаьчча суна хиира, цигахь 1993-чу шарахь дуьйна болх беш, пайде семиотикин дийнна институт хилар. Институтан директорца Сулейманов Джавдетца къамел а дина, цара беш болу болх талла а теллина, цIа веара со. Кхийтира, дIабахьа безарг Iаламат боккха болх хиларх а, оцу тIегIане кхиа, Iилманийн декъехь дуккха а говзанчаш оьшуш хиларх а. Оха тхайн коьрта Iалашо схьалецира – уггаре хьалха, нохчийн меттан нийсаяздар толлу программа кхоллар а, нохчийн меттан лингвистикин талламийн буха тIехь цуьнан бух кхоллар а. ХIунда аьлча, иза доцуш мотт кхиамца хаамийн технологийн декъехь баржалур бац. КхидIа дерг вайн филологашна тIехь ду.

**– Аш дIахьош Iаламат боккха болх бу. ТIаккха, цуьнца доьзна хатта лаьара тхуна. Аш бина и белхаш къобалбина хилча, вай хIора денна барта, йозанца лела хIунда ца бо вайн мотт? ХIун оьшу вайна цIена нохчийн мотт бийца а, кехаташ тIехь иза лело а?**

– Вай цIера дахале хьалха мотт йозанца кхиош хилла, дуккха а мехала жайнаш ду оцу хенахь арахецна. Къам дIадохийнчуьра цIа дирзинчул тIаьхьа галдаьлла вайн маттаца дерг. ГIаларчу школашкахь нохчийн мотт хьоьхуьйтуш ца хилла, буьйцуш ца хилла. Ткъа кхийолчу автономни республикашкахь дерриге а дешар шайн маттахь долуш а хуьлу, еккъа цхьа урок ялар-м хьовха. ТIаккха, таханлерчу дийнахь мотт бийца паргIато елахь а, и нийса бийца ца хаьа вайна. Кхин цхьа хIума а ду, аш, кегийрхоша, ненан мотт кIезиг хIунда буьйцу бохучух сайна хетарг-м эр ду ас – нохчийн маттахь дош шаьш нийса ца аларна кхоьруш. Диалект йолчо хIетте а, ша олург оьрсийн маттахь олу, ас тидам бина, иштта шайн диалектехь цхьамма дош аьлча, "и ма хаза элира ахь, юха ала иза бохуш", вовшийн хьийзош, цуьнан мотт беламе боккхуш. И ду кегийрхоша оьрсийн дешнаш юкъадалоран цхьа бахьана, соьга хьаттича.

Кхин цхьаъ а ду, Нохчийн Республикин Куьйгалхочо Кадыров Рамзана ма-аллара, хIора Iилманчас, шена хет-хетарг ца дуьйцуш, цхьа барт а хилла, мотт нисбина охьабиллича, вайна Iаламат мехала хир дара, иштта нийса а хир дара. Ткъа, кхин а белхаме хьал – кегийрхоша шайн гаджеташ тIехь лелош болу «нохчийн» мотт бу. Иза цхьанна а гурашна юкъабогIуш мотт бац, нохчийн мотт бу ала а ца оьшу (масала, «со тахана цIа ца вогIу» – «со тахна цIа ц вох»). И нохчийн мотт бац, и иштта бийца мегар дац, эхь ду иза, иштта гIалаташ дахар. Оьрсийн маттахь гIалат даьккхича эхь хеташ, нохчийн маттахь гIалат даьккхича дозалла деш хилар а ду даккхийчарех эхь. Нохчичун иштта кхетам хилар Iаламат лазаме ду. Нохчичо «со нохчийн мотт Iамийна вац» аларал ирча хIума хир а дац. Вайн Iилманчаш-филологаш кIезиг бу таханлерчу дийнахь. Цара бохучуьнга ла а дугIуш, сема хила деза вай.

**– Вайн республикехь мотт кхиорехь хьайна хетарехь уггаре а мехала жайна билгалдаккхахьа, Салауди?**

– Цхьа а шеко йоцуш, мотт кхиорна мехала А.Мациевн 1961-чу шарахь араяьлла йолу нохчийн-оьрсийн меттан дошам а, А.Карасаевн, А.Мациевн 1978-чу шарахь араяьлла йолу оьрсийн-нохчийн дошам а ю. Кхин а мехала хир дара и дошамаш керла дешнаш юкъа а далош, юха арахецча. Вайна ма-хаъара, хIора дийнахь кхуьуш схьабогIуш бу хIора мотт а, мотт кхиарца керла дешнаш а тIекхета, уьш юкъа а далош, керла дошамаш арахоьцу кхечу къаьмнаша, иштта кхуьуш бу муьлхха а мотт. И вай билгалъяьккхина йолу ши дошам тхан сайта тIехь а ю, муьлхха а дош онлайн гочдан таро а ю цу тIехь.

**– Карарчу хенахь стенна тIехь къахьоьгуш ду, кхидIа хIун ойланаш ю шун?**

– Вай хьалха ма-аллара, карарчу хенахь нохчийн мотт компьютер чу буьллуш ду тхо, Iилманийн маттахь, «локализаци» олу-кх цунах. Вайн культурица догIуш доцу хIуманаш дIадоху оха, вайн маттахь тамехь долчу агIор бен гоч а ца до дешнаш. Цунах «Компьютерийн программийн нохчийн локализаци» олу. «Microsoft» компаница юкъаметтигаш латтон аьтто цахиларна, «Linux» программи тIехь дIахьо оха белхаш. Тхан отделерчу белхан тобанан уггаре а коьрта Iалашо ю, компьютерш чохь нохчийн меттан нийсаяздар а, грамматика а, гойтуш йолу приложени яр. И дерриге а дан дезарш кхочуш хилча, нохчийн мотт кхиорехь керлачу тIегIанехь хир дара вай. Кегийрхошна кхин хIумма ца хилча а Iемар бара и мотт, ша нийса ца яздинчу дашна кIел цIен сиз хьаькхна хилча, хуур дара дош нийса доцийла а, цхьа пIелг тIетаIийчахьана и дош нис а дийр дара, юхахула Iемар а дара иза нийсаяздан. Цунна тIекхача Iалашо йолуш, къахьоьгуш ду-кх тхо.

Оцу программина меттан бух кечбеш оха таханлерчу дийнахь 2,5 миллион сов дош чулоцу нохчийн меттан лексикин бух вовшахтоьхна. Цу буха тIехь болх беш оха кхоьллина йолу цхьайолу программаш кхечу белхаш тIехь а пайдаэца йиш йолуш ю. Цундела оха Интеллектан доладлин гIуллакх дIакхоьхьучу федеральни «Роспатент» организацехь (Федеральная служба по интеллектуальной собственности) царна регистраци а йина, оцу программийн регистрацин тоьшаллаш даьхна.

Пайде семиотикин отдело хIора кIирнах кхаарин дийнахь 15:00 сахьт даьлча Нохчийн Республикин Iилманийн академин 4-чу гIат тIера 5-чу кабинета чохь «Компьютерийн программийн нохчийн локализаци» Iилманан семинар дIахьо. Иштта хаам гуттар а лаьтташ бу «Нохчийн меттан пайде семиотикин» сайта тIехь. Маттаца гергарло долчу кегийрхойн таро ю цигахь дакъалаца. Иштта, нохчийн пайде семиотикех лаьцна хIума довза луучунна **ps.anchr.ru** сайта тIехь шуьйра бовзийтина бу и оха бина а, бан лерина а болх.

– Баркалла. Дела реза хуьлда шуна! Баккъал а, маьIне болх бу-кха аш бийриг.

*Хь.БАХТАЕВА*

1-ра ИЮНЬ – БЕРАШ ЛАРДАРАН ДУЬНЕНАЮКЪАРА ДЕ

# Дерриге а берийн дуьхьа

**Бераш лардаран дуьненаюкъарчу денца доьзна тхо хилира Нохчийн Республикин социальни учрежденешлахь уггаре а къоначу Могашалла ледара йолчу берийн Шелан кIоштан реабилитационни туьшахь. 2014-чу шеран май баттахь схьайиллина ю иза.**



Учрежденин хьелаш а, таронаш а йовзийтира тхуна оцу туьшан директора Тахаева Фатимас. Туьшахь уггаре а хьалха хаалуш дерг низам, цIеналла, белхахойн гIиллакх ду, ткъа и аматаш цомгашчу берашца хIора дийнахь къахьега дезачу белхахошна къаьсттина оьшуш дерш а ду. Кхузарчу белхахошна, лоьрашна, психологашна, психиаторшна, кхетош-кхиорхошна шайна хьалха долу заьIап бераш дезаш а, царах дог лозуш а хилар туьшан сени чуьра дуьйна хаалуш ду. Цу берех кхеташ, шаьш бечу белхан мел-ял хууш ца хилча, цхьаьнга а балур боцуш хала болх а бу ДЦП, Дауна цамгарш йолчу берашца бийриг.

Ф.Тахаевас дуьйцу: «2016-чу шеран 13-чу майхь туьшан 2 шо кхачар билгалдаьккхира оха. Ца хилча йиш йоцуш яра хIара санна йолу учреждени. Кхузаманан лехамашца йогIуш, хаза гIишло ю туьшан. Кху чохь мел оьшу кабинеташ, чоьнаш ю, белхахошна садаIа чоьнаш а ю.

Пачхьалкхо динарг доккха совгIат ду. Нохчийн Республикин Куьйгалхочо Кадыров Рамзана шен тергонехь латтийра туш яран, схьаелларан белхаш а, белхахойн коллектив а. Говзанчаш оха тхаьш вовшахтуьйхира. Дукха говзаллашкахула белхахой бу тхан: хьехархой, социальни белхахой, психологаш, логопедаш, дефектологаш, дарбадаран физкультурни говзанчаш. Делан къинхетамца, хIора белхахо кху туьшахь болх бан хьакъ волуш нисвалар доккха ирс хета суна. Цундела тхайна тIедехкинчу декхарщца дика ларадо».

Туьшан стационарни отделенин заведующица, лакхарчу категорин лоьраца-педиатторца Муцураева Альбикица къамел дар а хилира тхан. Дуккха шераш ду цо могашалла Iалашъяран хьаьрмахь къахьоьгу. Цо дийцира стационаран балхах лаьцна. Цигахь карарчу хенахь 70 бер ду. Альбикас дийцарехь, туьшахь къахьоьгуш болу белхахой тайп-тайпана хенаш йолуш хилар балхана дика Iаткъам беш ду. Баккхийчеран зеделларг къоначарна оьшуш карадо. Туьшан дозалла ду лор-педиатр Муслимова Лида, физио-терапин отделенин заведующи Яненко Лилия Александровна, лор психиатр-психотерапевт, психологически Iилманийн кандидат Бородулин Владислав Николаевич. Ерриге а бохург санна, медйижарийн коллектив, шайн коьртехь медйиша А.Каимова йолуш, лакхарчу говзаллин а, медицинин культурин а коллектив ю.

Туьшан психолого-хьехархойн а, кхетош-кхиоран, дешаран а белхан дIахIоттамах лаьцна дийцира психолого-хьехархойн отделенин заведующис Болатхаджиева Зайдата. Туьшан белхан коьрта меже лору Зайдата шайн отделенин болх. Могашаллин таронаш ледара йолчу берашна лерина хьехархой кечбар цкъачунна дац Россехь я юкъарчу а, я лаккхарчу а дешаран заведенешкахь.

Кхузахь реабилитаци ян дезачу берашца болх бан психологин а, нервийн системин а дакъошкахула кIорггера хаарш оьшу. Цундела оха белхахойн хаарш лакхадахарна тIехь болх бар совдаьккхина, вайн а, кхийолчу пачхьалкхийн а ДЦП, Дауна цамгар йолчу берашна реабилитаци яран зеделларг тидаме оьцуш, нахах Iемаш.

ТIейогIучу хенахь реабилитацин туьшо кхочушъян билгалйинчу Iалашонех лаьцна дийцира Ф.Тахаевас. «Белхахойн говзалла лакхаяккхарехь къахьегар хир ду хьалхадаьккхина. ХIора берана «индивидуальни» олу программа нисъеш, цу берийн могашаллин, кхетаман таронашка хьаьжжина, хоржур бу реабилитацин некъ. Делан дуьхьа а, оцу берийн шайн а, церан дай-нанойн дуьхьа а даггара болх бийр бу тIейогIучу хенахь а», – дерзийра цо шен къамел.

*З.ХИЗИРОВА*

КЕРЛА КНИГА

# «Чухчарин цинцаш»

**ДIадаханчу кIиранах Курчалойн районан Цоци-Эвларчу №2 йолчу юккъерчу школехь алссам адамаш гулделлера. Цуьнан бахьана дара поэтан Демеев ИсмаьIилан «Чухчарин цинцаш» гулар араялар.**



Книга йовзийтаре баьхкинчу хьешашна юкъахь вара «Россин Халкъан юкъарчу союзан» партин регионан отделенин куьйгалхо, Гуьмсан гIалин советан депутат М.Салаватов, «Справедливая Россия» партин Шелан районан меттигерчу советан председатель, Шелан районан советан депутат Д.Якубов, Нохчийн Республикин Яздархойн союзан коьрта редактор I.Ирисханов, поэташ I.Яричев, С.Такалашов, З.Хамирзаев, Х.Минкаилов, юьртара интеллигенци, хьехархой, поэтан белхан накъостий, цуьнан гергара нах, дешархой.

Цхьаьнакхетар дIадолийра лакхахь хьахийначу школин дешархоша 45 шарахь шайн школехь нохчийн меттан, литературин хьехархочун болх бинчу И.Демеевн автобиографи йовзуьйтуш.

Презентаце баьхкинчара дуккха а довха дешнаш элира поэтах а, цуьнан кхолларааллех а лаьцна.

Юьхьанца, 80-гIа шераш тIекхаччалц, оьрсийн маттахь язъеш вара И.Демеев. Районерчу «Машар» газетехь зорбане йийлина цуьнан «Хала ирс», «Колосья хлеба», «Абу и чудовище», «Горькая правда» и.дI.кх. говзарш. Цул тIаьхьа «СтелаIад» журналехь – поэмаш, стихаш, туьйранаш, кицанаш, аларш. Цунна уллера ю берийн психологи, цундела цуьнан кхолларааллин доккхах долу дакъа берашна лерина ду. «Чухчарин цинцаш» поэтан шолгIа гулар ю. Иза масех декъах лаьтта.

«Даймохк – сан деган хьоста» декъана юкъаяхна Даймахкана а, ша кхиъначу юьртана а, нохчийн маттана а лерина «Нохчийчоь», «Цоци-Юрт», «Ненан мотт», и.дI.кх. байташ. Поэташна а, доттагIашна а, бевза-безачарна а, белхан накъосташна а лерина ду книгин цхьа дакъа. «Бераш, бераш, кегий бераш...» рубрикера байташ бераш ийманехь кхетош-кхиорна лерина ю. Масала, «Бакъдерг дийца», «Дахаран йиш», «Сан терго», «Дикалла», циггахь деша аьтто бу «Абу а, БIобу а» туьйра а.



Шена гуонаха долчух яздо поэта – адамийн хIорадийнан дахарх а, вай тидамза дуьтуш долчух а. Цундела цуьнан кхолларалла баккхийчарна хилла ца Iаш, къоначарна а кхета атта а, уллера а ю.

**Поэтах лаьцна.** Демеев ИсмаьIил дуьненчу ваьлла 1936-чу шарахь Курчалойн районер чу Цоци-Юьртахь. 1944-чу шарахь дерриге а нохчийн халкъаца Даймахках къаста дезна цуьнан. Фрунзенски областан Джанычек юьртахь нисбелла хилла церан доьзал. Цхьана шарачохь кхелхира цуьнан да-нана а, йижарий а. ИсмаьIил а, цуьнан ваша Хасмохьмад а девашас ша волчу дIавигна хилла. Бакъо йоцуш, кхечу юьрта вахна аьлла, деваша дукха хан ялале лаьцна. Церан лулахо хиллачу оьрсийн зудчо Токмакски берийн цIийне дIавелла ши кIант. Баркаллица дагалоьцу тахана поэта и зуда. Цига дIавалар бахьана долуш, ворхI класс чекхъяккха аьтто хилла ИсмаьIилан, цул тIаьхьа фабрикин-заводан училищехь электрикан говзалла караерзо а.

1955-чу шарахь эскаре гIуллакхдан вахана. Кхаа шарахь шен декхарш кхочуш а дина, 1958-чу шарахь Даймахка цIавирзина, шен дай баьхначу Цоци-Эвлахь ваха хиира. Цхьана юкъана заводехь электрик болх бира. Амма ненан матте болчу безамо 1964-чу шарахь Нохч-ГIалгIайн хьехархойн институтан филологин факультетан очни отделени деша валийра. Иза кхиамца чекх а яьккхина, 1969-чу шарахь юьрта цIа а веана, нохчийн меттан, литературин хьехархочун болх бира 45 шарахь. ХIинца пенсехь ву.

2007-чу шарахь дуьйна Россин Яздархойн союзан декъашхо ву И.Демеев, «Къинхьегаман ветеран», «Нохчийн Республикин хьакъволу хьехархо» сийлаллин цIерш елла а ву.

*Л.ДАУТОВА*
*М.Абалаеван суьрташ*

ТЕАТРАН ДАХАР

# СадаIар доцуш



**Аьхкенан деношкахь, садаIар а доцуш, болх бан дагахь ю Нохчийн Республикин «Къоначу хьовсархойн театр». Дешархойн аьхкенан каникулаш дIаюьйлалуш, даима санна, эвсаре баьлла тайнигийн театран болх. Бераша садоIучу денойх пайда оьцуш, театро алссам спектаклаш гойтур ю. Бакъду, театран хIусамехь спектаклаш гайтарх тоам бан дагахь бац актераш. Цара хIинцале а барт бина Нохчийн Республикин кIоштийн дукхах йолчу берийн бошмашкахь 2016-чу шеран июнь баттахь спектаклаш гайта.**

Дуьненан массо а маьIIехь бераш Iалашдаран дуьненаюкъара де билгалдоккхучу 1-чу июнехь Нохчийн Республикин дозанехь лаьттачу погранзаставе кхочур ю «Къоначу хьовсархойн театр». Дозанхойн берашна гойтур ю цара керла спектакль. Спектаклан цIе «Кот в сапогах» ю. XVII-чу бIешарахь Парижехь ваьхначу Шарль Перрос яздина и туьйра, заманан йохалла кIорда ца деш, дезаш тIеоьцу бераша массо хенахь а. Нохчийн Республикин «Къоначу хьовсархойн театрехь» «Кот в сапогах» спектакль хIоттийнарг режиссер Домбровский Вадим ву. Теша лаьа дуьненна а девзачу туьйрантIехь вайн махкарчу тайнигийн театро хIоттийначу спектаклах дозанхойн берийн а самукъадериг хиларх.

*А.ГАЗИЕВА*

ДЕШАР

# «Хьехархо-психолог-2016»

**Нохчийн Республикин дешаран а, Iилманан а министерствос а, Нохчийн Республикин дешаран белхахойн профсоюзан рессовето а, Дешаран белхахойн говзалла лакхаяккхаран нохчийн институто а дIаяьхьира «Нохчийн Республикин хьехархо-психолог-2016» республикин V-гIа конкурс.**

Шайн корматаллин декъехула хаарш гойтуш, хьуьнар къевсира дешаран белхахойн говзалла лакхаяккхаран Нохчийн институтан дешаран корпусехь конкурсан дакъалацархоша. Финале кхаьчнарг республикин дешаран учрежденешкара 9 хьехархо вара. Жюрис бинчу талламаша билгалбехира толамхой. Хьалхара меттиг Соьлжа-ГIалин №44 йолчу школин хьехархочо Керимова Зараа яьккхира, шолгIа меттиг – Соьлжа-ГIалин №26 йолчу школин хьехархочо Ирбагиева Зулас, кхоалгIачу метте яьлларг Теркан кIоштан ЧIуьлга-Юртарчу №1 йолчу школин хьехархо Халидова Хеда яра.

# Университетехь Iилманан-практикин конференци

**Нохчийн пачхьалкхан университетехь хIора шеран Iилманан-практикин конференци хилира 27-чу майхь. Университетан профессорийн-хьехархойн Iилманан-талламан белхийн жамIаш дарна лерина йолу конференци кху шарахь V-гIа вовшахтоьхнера.**

«2015-чу шарахь Нохчийн пачхьалкхан университетехь бинчу Iилманан-талламан белхан а, инновационни гIуллакхийн а жамIаш дар» аьлла йолу доклад йовзийтарца йолийра конференци. Университетан Iилманан а, инновацин а декъехула проректора физикин-математикин Iилманийн кандидата Кутуев Руслана йира и доклад.

Шен докладехь цо билгалдаьккхира, Нохчийн Республикин хиндерг – инновационни экономика кхоллар ду аьлла. Ткъа оцу хьаьрмахь коьрта дакъа дIалоцурш Iилма а, Iилманчаш а бу. Иштта, Iилманан талламашна тIехь болх бар а ду маьIне. Университетан Iилманчийн тоба цу тIехь къахьоьгуш а ю. ДIадаханчу шерийн динамика гайтира цо терахьаш далош. Гранташ яхарца а, Iилманан белхаш совбахарца а къаьсташ ду сурт.

Конференцин болх кхидIа тематикин дакъошкахула «горга стоьлаш» ярца дIабаьхьира. Цигахь йийцаре йира кхузаманахь Iилманехь лазаме йолу проблемаш. ТIейогIучу заманахь Iилманан балхахь мелла а тергоне эцаеза агIонаш а йийцира.

*З.ЭЛЬДЕРХАНОВА*



## Ламазан хенаш

**28 май – 2 июнь**

| Ламазан де | Iуьйра | Делкъа | Малхбуза | МаьркIажа | Пхьуьйра |
|---|---|---|---|---|---|
| 28 | 02:41 | 12:30 | 16:10 | 19:32 | 21:17 |
| 29 | 02:40 | 12:30 | 16:10 | 19:33 | 21:18 |
| 30 | 02:38 | 12:30 | 16:10 | 19:33 | 21:19 |
| 31 | 02:37 | 12:30 | 16:10 | 19:34 | 21:21 |
| 1 | 02:36 | 12:30 | 16:10 | 19:35 | 21:22 |
| 2 | 02:35 | 12:30 | 16:10 | 19:36 | 21:23 |

## Декъалдарш



Йинчу денца шайн белхан накъост, газетан жоьпаллин секретарь Мусаева Асет декъалйо «Даймохк» газетан редакцин коллективо.

Даггара лаьа, дахарехь ирс-аьтто нислуш, балха тIехь кхиамийн лакхенаш йохуш, бевза-безачийн вуон ца гуш, айхьа сатуьйсу диканаш кхочушхуьлуш, Дала дуккха а шерашкахь могаш-маьрша хьо яхайойла!

*«Даймохк» газетан редакцин коллектив*



Йинчу денца даггара декъалйо **Ахмадова Тайбат** цуьнан вежарша, йижарша, бераша.

Ког баькхиначохь аьтто хуьлуш, куьг кховдийначохь беркат хуьлуш, хIусамехь ийман-беркат, барт-безам лаьтташ, дикачу нахаца уьйр-марзо йолуш, Везачу АллахIа могаш, ирсе дуккха а шерашкахь яхайойла хьо тхуна!

*Хьан вежарий, йижарий, бераш*

## Хенан хIоттам

**2-гIа июнь**
**Республикехула хила тарло:**
дийнахь… +22 градус, кIеззиг мархаш а йолуш, догIа а догIуш,
буьйсанна… +16 градус, кIеззиг мархаш а йолуш, догIа а догIуш;

**3-гIа июнь**
**Республикехула хила тарло:**
дийнахь… +21 градус, кхоьлина а йолуш, догIа а догIуш,
буьйсанна…+16 градус, кхоьлина а йолуш, догIа а догIуш.

## Лараме газетдешархо



**ДIахьош ду 2016-чу шеран шолгIачу эхашарна «Даймохк» газете язбалар.**

**2007-чу шарахь дуьйна вайн газет кIирнах кхузза арадолуш ду.**

**«Даймохк» газетехула шун хоийла хир ду Нохчийн Республикехь, Россехь, дуьненахь хуьлуш долчу гIуллакхех дерг.**

**Язло «Даймохк» газете. Шун иза дан таро ю редакцехь а, республикин муьлххачу а зIенан отделенехь а. Эхашарна болу газетан мах:**

**редакце веана яздеш – 468 сом;**
**почтан отделене воьдуш, схьаоьцуш – 877,68 кепек;**
**цIа дIадохьуш – 923,76 кепек.**

Газет диллинарг: Нохчийн Республикин къоман политикин, арахьарчу зIенийн, зорбанан, хаамийн министерство.

**Газет диллинчун/арахьоцучун адрес: 364060, Соьлжа-ГIала, Дудаевн Бульвар, Радион цIа.**

**Газетана регистраци йина зIенан, хаамийн технологийн, шуьйрачу коммуникацийн декъехь терго латторехула йолчу Россин Федерацин федеральни службехь. Тоьшалла ПИ №9 ФС 77 – 58270 05.06.2014 шо.**

**Коьрта редактор – Б.Ш.ШАМСУДИНОВ**

**Редакцин адрес: 364051, Нохчийн Республика, Соьлжа-ГIала, Маяковскийн урам, 92, тел. 8(8712) 22–22–24**

Газет зорбатоьхна ГУП «ИПК «Грозненский рабочий» издательствехь. Издательствон адрес: 364021, Соьлжа-ГIала, Интернациональни урам, 12/35. Тираж – 2500. Заказ №2401. Зорбанна куьг яздина графикца 01.06.2016 шо 17:00 хила дезаш, зорбанна куьг яздина 16:00.

Редакцина а, материалийн авторшна а хетарг цхьатерра ца хила тарло. Рекламин материалийн чулацамах долу жоьпалла редакцис тIе а ца лоцу. Куьйгайозанашна рецензи ца йо, юха ца дерзадо.
**М** билгалонца йолу материалаш зорба туху рекламин бакъо йолуш.
«Россин Почта» каталогехь изданин индекс - 04165.